



AVI PIBLIK
OTORITE LOJMAN HIALEAH (HIALEAH HOUSING AUTHORITY, “HHA”) PRAL
AKSEPTE DEMANN POU PWOGRAM LOJMAN PIBLIK LA (PUBLIC HOUSING, “PH”)

DAT OUVÈTI LIS DATANT LA
30 SEPTANM 2019 - 4 OKTÒB 2019
N AP AKSEPTE DEMANN KI FÈT ANLIY SÈLMAN

Avi sa a se pou anonse HHA pral ouvè lis datant li an pou PH konfòmman ak règleman Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Department of Housing and Urban Development, “HUD”) defini yo ak Plan pou Egalite nan Maketin Lojman Ekitab li an (Affirmative Fair Housing Marketing Plan). Kandida yo dwe respekte tout kondisyon HUD yo pou revni ak kalifikasyon, pou kalifye pou pwogram nan. Enfòmasyon ki annapre yo nesèsè pou w soumèt demann nou an avèk siksè: Non, nimewo sekirite sosyal, dat nesans ak enfòmasyon sou revni pou tout moun ki rete nan kay la.

Demann lojman yo ap disponib sou sit wèb HHA a nan <https://hialeahhousing.housingmanager.com/> apatide 30 septanm 2019 a 12:01a.m., jiska 4 oktòb 2019 a 11:59 p.m.

Lè w soumèt demann ou an sa pa garanti n ap mete w sou lis datant la. Poutèt gen anpil moun ki enterese nan pwogram PH la, HHA pral sèvi avèk yon sistèm tiraj owaza pou seleksyone yon total 280 fanmi pami tout demann yo soumèt yo epi n ap mete demann sa yo ki seleksyone yo nan lis datant la. Lè ak dat nou resevwa demann lan pandan ouvèti lis datant la pa gen ankenn enfluyans sou èske yon demann ap seleksyone. N ap mete fanmi yo nan lis datant la nan lòd yo resevwa pandan seleksyon yo nan tiraj owaza a.

LIS DATANT PH LA PRAL OUVÈ AVÈK LIY DIREKTRIS KI ANNAPRE YO POU KANTITE CHANM A KOUCHE

Kantite chanm a kouche	Kantite Manm Fanmi Maksimòm pa apatman	KANTITE TIRAJ TOTAL
Apatman 3 Chanm a Kouche	6	250
Apatman 4 Chanm a Kouche	8	20
Apatman 5 Chanm a Kouche	10	10

LIMIT REVNI PA ANE POU PATISIPASYON NAN PWOGRAM LAN

3 moun	4 moun	5 moun	6 moun	7 moun	8 moun
61 000\$	67 750\$	73 200\$	78 600\$	84 050\$	89 450\$

N AP OTORIZE YON SÈL DEMANN PA FANMI. Fanmi ki soumèt plis pase yon sèl demann ap diskalifye. N ap retire kandida ki fè fo deklarasyon pou kalifye nan lis datant la. Ou kapab verifye estati demann ou an lè w ale sou sit wèb nou bay pi wo a. Se sèlman fanmi ki seleksyone yo k ap resevwa avètisman nan men HHA disi 18 oktòb 2019.

Tanpri kontakte Leyda Halphen nan (305) 888-9744, si w se yon moun ki gen andikap ki bezwen asistans pou fè demann nan oswa si ou ta renmen mande avi sa a nan yon lòt fòm poutèt yon andikap.

*****ATANSYON*** Pa gen frè demann pou Pwogram PH ke HHA a ap jere a.**



Nou se yon founisè lojman ki bay tout moun menm opòtinite. Nou pa fè diskriminasyon baze sou ni ras, ni koulè, ni orijin nasyonal, ni relijyon, ni sèks, ni sityasyon familyal ni andikap. Dokiman sa a disponib nan lòt fòm aksesib sou demann. Yon moun ki bezwen ed oswa sèvis oksilyè pou kominikasyon efikas, oswa modifikasyon nan politik yo oswa pwosedi yo pou patisipe nan yon pwogram, yon sèvis, oswa yon aktivite Otorite Lojman Hialeah (Hialeah Housing Authority) ofri dwe kontakte Kowodonatè Seksyon 504 la.